QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI MOYNAQ RAYONI HAKIMININ' SHESHIMI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI MUYNOQ TUMANI HOKIMINING QARORI

Moynaq rayoni № 02/114 «05» февраль 2018-jil.

Мойнақ районы аймағында барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жыл 22-декабрьдеги «қуралларын мәжбүрий техник көриктен өткериў тәртибин қәлиплестириўге қаратылған қосымша ис-илажлары ҳаққында»ғы 1010-санлы қарары ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2018-жыл 08-январьдағы 03-08/13-01/11-санлы мәжилис баянламасын басшылыққа алып, «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты ҳаққында»ғы Өзбекистан Республикасы Нызамының 6-статьясына муўапық район аймағында барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автотранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техник көриктен өткериў мақсетинде Мойнақ районы ҳәкими

ШЕШИМ ЕТЕДИ:

1. Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў бойынша районлық комиссияның қурамы 1-қосымшаға, райондағы мекеме, қәрхана, шөлкемлердиң транспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў кестеси 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Районлық Ишки ислер бөлими жол ҳәрекети қәўипсизлиги топары, МЖХК аға инспекторы лейтенант (Ш.Тажеддинов) транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў ушын мүлкшилик түрине қарамастан райондағы зәрүр шәраят ҳәм үскенелерге ийе болған техника хызметин көрсетиўши станцияларды анықлаў ҳәм олар менен шәртнама дүзиў ўазыйпасы тапсырылсын.

3. «Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы Режениң 1-бөлим 5-бәнтиниң «а» киши бәнтиндеги транспорт қуралларының техникалық көриги:

биринши мәрте 2018-жылдың 1-март - 30-июнь аралығында;

екинши мәрте 2018-жылдың 1-сентябрь - 31-октябрь аралығында;

юридикалық шахсларға қараслы болған транспорт қуралларының техникалық көриги 2018-жылдың 1-февраль 30-август аралығында;

KOSHIRMA DURIS

физикалық шахсларға тийисли болған транспорт құралларының техникалық көриги 2018-жыл 1-март ҳәм 30-июнь аралығында өткерилетуғынлығы белгиленсин.

4. Райондағы мекеме, кәрхана, шөлкем ҳәм жәмийетлердиң басшыларына:

есабындағы транспорт құралларын мәжбүрий техникалық көриктен сапалы өткериўге таярлаў илажларын көрсин.

5. Усы шешим районлық «Арал балықшысы» газетасында жәриялансын ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

6. Мойнақ районы ҳәкиминиң 2017-жыл 16-май күнги 05/525-санлы шешими өз'күшин жойытқан деп есаплансын.

7. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары Т.Мамбетмуратов ҳәм Районлық Ишки ислер бөлими жол ҳәрекети қәўипсизлиги топары, МЖХК аға инспекторы лейтенант Ш.Тажеддинов жүклетилсин.

8. Бул шешим «Арал балықшысы» газетасында рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Мойнақ районы
ҳәкими:- **С.Даниязов**

Мойнақ районы хәкиминиң
«05» - февраля 2018-жыл
№ 02/34 -санлы шешимине
1-қосымша

Транспорт құралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў бойынша районлық комиссия құрамы

Т.Мамбетмуратов	Мойнақ район хәкиминиң орынбасары, комиссия баслығы
Ш.Тажеддинов	Мойнақ районлық Ишки ислер бөлими жол хәрекети кәўипсизлиги топары, МЖХК аға инспекторы лейтенант, комиссия баслығы орынбасары
	Комиссия ағзалары:
Б.Турешов	Мойнақ районы жол бақармасы баслығы
А.Сахиев	Мойнақ районлық халық билимлендириў бөлими баслығы
К.Қазахбаев	Мойнақ районы аўыл хәм суў хожалығы бөлими баслығы
М.Ещжанов	Мойнақ районлық медицина бирлеспеси бас шыпакери
Б.Жамалова	«Мәхалле» коры Мойнақ районы бөлими баслығы
М.Сейтбамбетов	Мойнақ районы мәмлекетлик салық инспекциясы баслығы
З.Қалжанова	Мойнақ районы «Арал балықшысы» газетасы бас редакторы
А.Сапарбаев	«Арал толқыны» жуўапкершилиги шекленген жәмийети баслығы

KOSHIRME DURIS

Мойнақ районы хәкиминиң
«08» февраль 2018-жыл
№ 03/119 -санлы шешимине
2-қосымша

Райондағы мекеме, кәрхана, шөлкемлердиң транспорт құралларын хәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў кестеси

№	Кәрхана атамалары	Транспорт құралының саны	Техникалық көзден өткериў сәнеси	Техникалық көзден өткериў орны	Орынлаўшы
А	Жеке меншик транспорт құраллары		01.02.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Жол хәрекети қәўипсизлиги топары, МЖХК аға инспекторы лейтенант Ш.Тажеддинов
Б	Мәмлекетлик транспорт құраллары		01.03.2018	Гараж	
1	2	3	4	5	6
1	Мойнақ районы ахритектура хәм қурылыс болими	1	03.03.2018 03.03.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов
2	Районлық аўыл хожалығы хәм суў хожалығы бөлимине қараслы автотранспорт құралларын техникалық көриктен өткериў кестеси	1	10.03.2018 10.03.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов
3	Районлық салық инспекциясына қараслы автотранспорт құралларын техник көриктен өткериў	1	17.03.2018 17.03.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов
4	Мойнақ тоғай хожалығына қараслы транспорт құралларын техник көриктен өткериў	6	24.03.2018 24.03.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов
5	Районлық Ветстанцияға қараслы транспорт құралларын техник көриктен өткериў	1	01.04.2018 01.04.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов
6	Хәкимиятқа қараслы транспорт құралларын көриктен өткериў хаққында	5	03.04.2018 03.04.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов
7	Почта байланыс кәрханасына қараслы транспорт құралларын техник көриктен өткериў	1	08.04.2018 08.04.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов
8	Районлық санитария-эпидемиологияға қараслы транспорт құралларын техник көриктен өткериў	1	10.04.2018 10.04.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов
9	Районлық Қаржы бөлимине қараслы транспорт құралларын техник көриктен өткериў	1	15.04.2018 15.04.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов

KOSHIRME DURIS

10	Мойнақ районлық емлеуханаға қараслы транспорт құралларын техник көриктен өткериў	6	17.04.2018 17.04.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов
11	Мойнақ байланыс бөлимине қараслы транспорт құралларын техник көриктен өткериў	1	22.04.2018 22.04.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов
12	Жол қурылыс бөлимине қараслы транспорт құралларын техник көриктен өткериў	5	24.04.2018 24.05.2017	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов
13	Мойнақ электр тармақларына қараслы транспорт құралларын техник көриктен өткериў	3	21.03.2018 21.03.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов
14	«Мойнақтуманғаз» филиалына қараслы транспорт құралларын техник көриктен өткериў	1	29.04.2018 29.04.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов
15	«Арал толық» ЖШЖ-га қараслы транспорт құралларын техник көриктен өткериў	5	24.03.2018 24.03.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов
16	Абаданластырыў басқармасына қараслы транспорт құралларын техник көриктен өткериў	9	31.04.2018 31.04.2018	«Арал толық» ЖШЖ	Ш.Тажеддинов

KOSHIRME DURIS